

**NILE-NILE BUDAYA ING NOVEL *MBAH LURAH*
ANGGITANIPUN BAMBANG NUGROHO SAHA
JUMBUHIPUN KANGGE BAHAN PIWUCALAN
WONTEN SMK**

TESIS

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister
Program Studi Pendidikan Bahasa**



Panyerat:

Sari Mahasiswati

NIM 2081100023

PROGRAM PASCASARJANA

UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN

2022

PASARUJUKAN



**NILE-NILE BUDAYA ING NOVEL *MBAH LURAH*
ANGGITANIPUN BAMBANG NUGROHO SAHA
JUMBUHIPUN KANGGE BAHAN PIWUCALAN
WONTEN SMK**

Dening:

Sari Mahasiswati

NIM 2081100023

Sampun Pikantuk Pasarujukan Saking Pamong

	Tapak Asma	Tanggal
Pamong I Dr.Nanik Herawati.M.Hum. NIK. 690 906 285	
Pamong 2 Dr. Hersulastuti, M.Hum. NIP. 19650421.198703 2 002	



Kauningan

Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M. Hum.

NIP 19600412 198901 1 001

PANGESAHAN





NILE-NILE BUDAYA ING NOVEL *MBAH LURAH* ANGGITANIPUN BAMBANG NUGROHO SAHA JUMBUHIPUN KANGGE BAHAN PIWUCALAN WONTEN SMK


Dening:

Sari Mahasiswati

NIM 2081100023

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pembimbing

Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa	Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum. NIP.19600412 198901 1 001	
Panyitra	Dr. D. B. Putut Setyadi, M.Hum. NIP. 19600412 198901 1 001	
Pamong 1	Dr. Nanik Herawati, M.Hum. NIK. 690 906 285	
Pamong 2	Dr. Hersulastuti, M.Hum. NIP. 19650421 198703 2 002	



Direktur Program Pascasarjana

Dr. Agus Yuliantoro, M. Hum.
NIP. 19591004 198603 1 002

Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa

Dr. D.B. Putut Setiyadi, M. Hum
NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELAN

Ingkang tapak asma wonten ngandhap punika, kula:

Nama : Sari Mahasiswati

NIM : 2081100023

Jurusan/Program Studi : Pendidikan Bahasa Program Pascasarjana
Universitas Widya Dharma Klaten

Mratelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun "**Nile-Nile budaya Ing Novel Mbah Lurah Anggitanipun Bambang Nugroho Saha Jumbuhipun Kangge Bahan Piwucalan Wonten SMK**" menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting *tesis* punika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratelan kula mboten leres, kula sagah nampi sanksi akademik inggih punika batalipun gelar Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, 26 Agustus 2022



Sari Mahasiswati

MOTTO

1. Ajining bangsa saka budaya. (Bambang Guritno)
2. Golekna ngelmu kaya dene tumindake wit pari, andhap asor iku pakeming manungsa menawa gadhah ilmu kang luhur. (Sari Mahasiswati)
3. Jer kang makmur mawa kaprihatinan. (Sari Mahasiswati)
4. Wong pinter kalah kaliyan wong begja, wong begja kalah kaliyan wong makmur. (Sari Mahasiswati)

PISUNGSUNG

Karya menika kula pisungsungaken dumateng:

1. Tiyang sepah kula ingkang tansah paring donga pengestu.
2. Semah kula Amat Asmungi saha anak kula ingkang tansah nyurung donga lan semangat, Sa'ba Hillal Asmungi, Timasa Brahma Asmungi, Kanwa Binawa Asmungi.
3. Bapak/Ibu guru saha siswa SMK N 1 Karanggayam, Kebumen.

PRAWACAN

Puji syukur konjuk dumateng ngarsanipun Pangeran Inggang Mahaasih tuwin Mahamirah, awit saking lubering sih kaNugrohon satemah kula saget nyekapaken tesis kanthi irah-irahan **Nile-Nile budaya Ing Novel *Mbah Lurah Anggitanipun Bambang Nugroho Saha Jumbuhipun Kangge Bahan Piwucalan Wonten SMK***. Tesis menika kaanggit minangka kangge hanjangeki saperangan syarat anggayuh drajat Magister Program Studi Pendidikan Bahasa ing Universitas Widya Dharma Klaten.

Awit saking peparingipun pambyantu kangge nyekapi tesis menika, pramila panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindan dhumateng:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd. Rektor Universitas Widya Dharma Klaten.
2. Dr. Agus Yuliantoro, M. Hum. Direktur Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.
3. Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleres
4. Dr. Nanik Herawati, M.Hum. Kaleres Pamong 1 ingkang sampun paring panjurung, pangarah dalah panuntun salebeting panganggitan tesis menika.
5. Dr. Hersulastuti, M.Hum. Sekretrais Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleres Pamong II ingkang sampun paring panjurug, pangarah dalah panuntun salebeting panganggitan tesis menika.

6. Bapak saha Ibu guru SMK N 1 Karanggayam, Kebumen ingkang sampun paring pambyantu salebeting panaliten menika. Panganggit sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis menika, ananging penganggit ngrumaosi bilih tesis menika tasih kathah kekiranganipun. Pramila, panyaruwe saking para kadang pamaos tansah kula antu-antu, matur nuwun.

Klaten, 26 Agustus 2022

Panaliti,

Sari Mahasiswati

DAFTAR ISI

PASARUJUKAN	ii
PRATELAN	iv
MOTTO.....	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACAN	vii
DAFTAR ISI.....	ix
DAFTAR LAMPIRAN	xi
SARIPATHI	xii
ABSTRAK	xiv
ABSTRACT	xvi
BAB I	1
PURWAKA.....	1
A. Lelarahaning Prakawis	1
B. Identifikasi Prakawis	7
C. Watesaning Prakawis	7
D. Rumusaning Prakawis	8
E. Ancasing Tujuwan Panaliten.....	8
F. Mumpangating Panaliten	9
BAB II.....	11
LAMBARAN TEORI, PANALITEN INGKANG GAYUT LAN RAGANGANING PAMIKIR	11
A. Lambaran Teori	11
1. Pangertosaning Budaya	11
2. Pangertosaning Nile budaya	12
3. Pangartosaning Karya Sastra	16
4. Pangertosaning novel.....	17

5. Nile budaya Kangge Bahan Ajar Basa Jawa Wonten SMK.....	18
B. Panaliten Inggang Gayut.....	20
C. Raganganing Pamikir.....	28
BAB III.....	30
METODOLOGI PANALITEN.....	30
A. Objek lan Wekdaling Panaliten.....	30
B. Wujud lan Strategining Panaliten.....	30
C. Jinising Dhata lan Sumbering Dhata.....	31
D. Teknik Ngempalaken Dhata.....	31
E. Validitas Dhata.....	32
F. Teknik Pangonceking Dhata	33
G. Jadwal Lumaksananing Panaliten	36
BAB IV	37
ASILING PANALITEN SAHA PANGONCEKIPUN	37
A. Asiling Panaliten	37
1. Nile-nile budaya Novel <i>Mbah Lurah</i> Anggitanipun Bambang Nugroho. 38	
2. Jumbuhipun Nile-nile budaya Novel <i>Mbah Lurah</i> Anggitanipun Bambang Nugroho Kangge Bahan Ajar Basa Jawi Ing SMK.	68
B. Pangonceking Nile-nile budaya Novel <i>Mbah Lurah</i> anggitanipun Bambang Nugroho.....	71
BAB V.....	75
DUDUTAN, IMPLIKASI, PAMRAYOGA.....	75
A. Dudutan.....	75
B. Implikasi.....	76
C. Pamrayoga.....	76
KAPUSTAKAN.....	78
LAMPIRAN.....	81

DAFTAR LAMPIRAN

- Lampiran 1 Sinopsis *Novel Mbah Lurah Anggitanipun* Bambang Nugroho
- Lampiran 2 Gambar samak *Novel Mbah Lurah*
- Lampiran 3 Data Deskripsi Nila budaya
- Lampiran 4 Silabus
- Lampiran 5 RPP

SARIPATHI

Sari Mahasiswati, 2081100023. Nile-nile budaya Ing Novel *Mbah Lurah Anggitanipun Bambang Nugroho Saha Jumbuhipun Kangge Bahan Piwucalan Wonten SMK*, Tesis : Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2022

Ingkang dados lelarahing prakawis ing panaliten punika bilih nile budaya punika tetanduraning saha tumindak ingkang dipunlampahi dening masyarakat. Hakikat kabudayan ingkang ideal ngandhut penggalihing masyarakat bilih karya sastra punika ngemot gegasaning manungsa. Karya sastra ugi pirantos kawetahaning manungsa mliginipun prakawis norma-norma kabudayan. Panaliti nindakaken panaliten nile-nile budaya wonten novel basa Jawi ingkang badhe dipunjumbuhaken kaliyan bahan piwucalan basa Jawi ing SMK. Amargi novel kasebat kalebet karya sastra ingkang wigatos lan nuwuhaken kathaning faktor awit saking psikologis sarta lingkungan sosial pramila ing panaliten punika panaliti damel ancasing panaliten inggih punika medharaken prakawis nile-nile budaya ingkang ngemot wonten novel *Mbah Lurah anggitanipun Bambang Nugroho*. Lan medharaken jumbuhipun nile-nile budaya novel *Mbah Lurah anggitanipun Bambang Nugroho* saged dipunginakaken kangge bahan piwucalan basa Jawi tumrap siswa SMK.

Metode panaliten punika ngangge kualitatif deskriptif, ingkang dados obyek panaliten inggih punika novel *Mbah Lurah anggitanipun Bambang nugroho*, jinising dhata ingkang kadosta kasiling maos novel *Mbah Lurah anggitanipun Bambang Nugroho*. Teknik nempalaken dhata mawi teknik kapustakaan inggih punika mendhut saking sumber dipunsemak lajeng dipunshatat. Wondene teknik analisis dalam dhata, lan ndamel dudukan.

Asiling panaliten saha pangoncekipun ing panaliten punika, panaliti ngasilaken dhata saking novel *Mbah Lurah anggitanipun Bambang Nugroho* nile-nile budaya kadosta nile hakikat manungsa, nile hakikat gegayutaning manungsa kaliyan alam, nile hakikat manungsa dumateng wekdal, nile hakikat karya manungsa, lan nile hakikat gegayutaning manungsa kaliyan manungsa. Sanesipun bilih nile-nile budaya wonten novel punika jumbuh kangge bahan piwucalan basa Jawi, sastra, lan budaya Jawi punika kathah mumpangatipun kadosta sarana kawigatosan budaya miyos kasustraan Jawi. Saking asiling panaliten bilih pangoceking panaliten wonten patranipun nile-nile budaya kangge para siswa punika saged dipunwucalaken ing materi basa Jawi bab novel, piwucalan nile-nile budaya ing salebeting novel punika saged kangge tuladha kangge generasi mudha.

Dudutaning rembag ing panaliten punika wonten nile-nile budaya prakawis tumindak becik kadosta norma, iman, adat, praktik-praktik, simbol-simbol, jumbuhipun nile-nile budaya ing karya sastra kaliyan kompetensi dasar pawiyatan tataran inggil kangge bahan piwucalan basa Jawi ing pawiyatan SMK. Kangge bahan piwucalan basa Jawi ing pawiyatan SMK punika langkung becik amargi bab

punika saged dipunpatrapaken kangge para siswa minangka patuladhan generasi muda.

Wosing tembung : Nile-nile budaya, novel, jumbuhipun wonten SMK

ABSTRAK

Sari Mahasiswati, 2081100023. Nilai-nilai budaya pada Novel *Mbah Lurah* Karya Bambang Nugroho Dan Relevansinya Untuk Bahan Ajar di SMK, Tesis : Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2022

Latar belakang pada penelitian ini adalah nilai budaya merupakan tanaman yang digunakan atau dilaksanakan oleh sekelompok masyarakat yang memiliki hakikat kebudayaan yang ideal. Hal itu mengandung pemahaman kehidupan manusia yang menggunakan karya sastra sebagai alat komunikasi dalam kebutuhan manusia khususnya bab norma-norma kebudayaan. Peneliti menggunakan nilai-nilai budaya yang terdapat pada novel bahasa Jawa yang direlevansikan untuk bahan ajar bahasa Jawa di sekolah tingkat SMK, karena di dalam novel tersebut terdapat karya sastra yang perlu dipelajari yang menumbuhkan beberapa faktor seperti faktor psikologis dan faktor lingkungan sosial. Maka dari itu di dalam penelitian tersebut meneliti penelitian ini dengan tujuan menjelaskan tentang nilai-nilai budaya yang terdapat pada novel *Mbah Lurah* karya Bambang Nugroho dan menjelaskan relevansi nilai-nilai budaya novel *Mbah Lurah* karya Bambang Nugroho dapat digunakan untuk bahan ajar bahasa Jawa terhadap siswa SMK.

Metode penelitian yang digunakan dalam penelitian tersebut adalah menggunakan metode kualitatif deskriptif obyek yang digunakan oleh novel *Mbah Lurah* karya Bambang Nugroho. Jenis data yang dikumpulkan menggunakan data primer, yang dimaksud data primer adalah hasil peneliti dalam membaca novel tersebut. Teknik pengumpulan data yang digunakan adalah menggunakan teknik pustaka yaitu mengambil data dari sumber yang disimak kemudian dicatat. Teknik analisis data yang digunakan pada penelitian ini menggunakan model interaktif, misalnya data condensation, data display, conclusion drawing.

Hasil penelitian dan pembahasan dalam penelitian tersebut peneliti menghasilkan data dari novel *Mbah Lurah* karya Bambang Nugroho nilai-nilai budaya diantara lain adalah nilai hakikat manusia, nilai hakikat hubungan manusia dengan alam, nilai hakikat hubungan antara manusia dengan karya, nilai hakikat hubungan manusia dengan manusia lainnya. Bahwa nilai-nilai budaya pada novel *Mbah Lurah* karya Bambang Nugroho relevansi untuk dijadikan sebagai bahan aja bahasa Jawa di SMK, disesuaikan dengan kurikulum muatan lokal bahasa Jawa sastra, dan budaya Jawa tersebut sangat banyak manfaatnya misalnya sarana untuk memahami budaya melewati karya sastra Jawa. Berdasarkan hasil penelitian yang ada, peneliti membahas hasil data tersebut dengan menerapkan nilai-nilai budaya kepada para siswa dengan sarana nilai-nilai budaya kepada para siswa dengan sarana adanya pembelajaran bahasa Jawa pada materi novel, pembelajaran nilai-nilai budaya pada novel tersebut dapat dijadikan contoh untuk generasi muda.

Kesimpulan yang terdapat pada penelitian ini adalah adanya nilai-nilai budaya tentang tindakan yang baik misalnya norma, keyakinan, adat, praktek-praktek, simbol-simbol. Relevansi nilai-nilai budaya pada karya sastra dengan

kompetensi dasar di sekolah menengah atas dapat digunakan sebagai bahan ajar bahasa Jawa di sekolah SMK, agar para siswa dapat mempelajari nilai-nilai budaya diterapkan sebagaimana mestinya.

Kata kunci : Nila-nile budaya, novel, relevansi pembelajaran di SMK.

ABSTRACT

Sari Mahasiswati, 2081100023. Cultural values in the Mbah Lurah Novel by Bambang Nugroho and its relevance for teaching materials in vocational schools, Thesis: Postgraduate Study Program, Widya Dharma University Klaten. 2022

The background in this research is that cultural values are plants that are used or implemented by a group of people who have an ideal cultural nature. It contains an understanding of human life that uses literary works as a communication tool in human needs, especially the chapter on cultural norms. Researchers use the cultural values found in Javanese novels that are relevant for teaching Javanese language in vocational schools, because in the novel there are literary works that need to be studied that foster several factors such as psychological factors and social environmental factors. Therefore, this study examines this research with the aim of explaining the cultural values contained in the novel Mbah Lurah by Bambang Nugroho and explaining the relevance of cultural values. The Mbah Lurah novel by Bambang Nugroho can be used for teaching Javanese language to vocational students.

The research method used in this research is descriptive qualitative method used by the novel Mbah Lurah by Bambang Nugroho. The type of data collected using primary data, what is meant by primary data is the result of the researcher in reading the novel. The data collection technique used is using library techniques, namely taking data from sources that are listened to and then recorded. The data analysis technique used in this study uses an interactive model, such as data condensation, data display, conclusion drawing.

The results of the research and discussion in the study, the researchers produced data from the novel Mbah Lurah by Bambang Nugroho cultural values, among others, are the value of human nature, the value of the nature of the relationship between humans and nature, the value of the nature of the relationship between humans and works, the value of the nature of human relations with other humans. . That the cultural values in the novel Mbah Lurah by Bambang Nugroho are relevant to be used as material for Javanese language in SMK, adapted to the local content curriculum of Javanese literary language, and that Javanese culture has many benefits, for example a means to understand culture through Javanese literary works. Based on the results of existing research, researchers discuss the results of the data by applying cultural values to students by means of cultural values to students by means of learning Javanese language in novel material, learning cultural values in the novel can be used as an example. for the younger generation.

The conclusion in this study is the existence of cultural values about good actions such as norms, beliefs, customs, practices, symbols. The relevance of cultural values in literary works with basic competencies in high school can be used

as teaching material for Javanese language in vocational schools, so that students can learn cultural values are applied properly.

Keywords: cultural values, novels, relevance, learning in Senior High School.

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahaning Prakawis

Salah satunggaling budaya ing Indonesia punika warisan budaya Jawi. Kompleks gagasan lan Nila minangka ngudaraken kabudayan ideal suku bangsa Jawi ingkang dipunwujudaken arupa kasusastran jawi ingkang ngrembaka. Hakikat kabudayan ideal punika ngandhut penggalihing masarakat menawi karya sastra ngemot punika gagasaning manungsa rikala semana. Ing salebeting kabudayan masyarakat menika hakikatipun boten kendhat saking karya sastra, saengga karya sastra kathah mumpangatipun tumrap kabudayan masyarakat tartamtu. Karya sastra ugi wonten pagesangan, norma-norma ingkang dipun-lampahi dening manungsa minangka kawetahaning kabudayan.

Budaya lan karakter kalebet asiling pendhidhikan kangge bangsa Indonesia kanthi cara konseptual kababar ing potensi kangge para siswa kangge husada nyumadyaning generasi mudha ing pagesangan. Praila pendhidhikan kedah dipunrefleksi minangka proses tilasaning budaya kangge bangsa lan karakter (nation and character buildng) kangge generasi mudha. Soekmono 1964 (Sutaba, I.M. 2019) mratelakaken bilih budaya punika warisan utawi sumber daya budaya ingkang potensial, ananging boten asring bilih dados sumber konflik ing salebeting masarakat ingkang mbetahaken mumpangat saking kabudayan punika.

Bab ingkang abstrak saking adat istiadat kalebet sistem Nile budaya, bilih Nile budaya menika kalebet konsep-konsep ing salebeting pamikiran manungsa ingkang dipun-anggep nggadhahi Nile wigatos saengga gadhah faedah minangka pathokan wonten pagesanganing masyarakat. Dudutanipun bilih Nile budaya menika dipun-sebat tetandhuraning dening masyarakat utawi tumindak ingkang dipun-lampahi dening masyarakat.

Miturut Koentjaraningrat 1990 (Indriani, A.A. 2013) kabudayan inggih punika sedaya idi palilah karyaning manungsa kanthi cara dipunsinaoni saking kasiling bebudi, dene basa inggrisipun inggih punika colere, tegese dipunpakaryani utawa dipundamel kanthi ngolah siti utawi tetanen. Bab punika dados ngrembaka minangka kapitayanipun manungsa ngowahi bawana, bab punika dipunsebat culture.

Unsur-unsur budaya punika saking penggalihing raos utawi niat lan karsaning manungsa ngrembakakaken kabudayan ingkang umumipun nggadhahi sipat ingkang sami, kadosta: sistem religious, sistem pangertosan, sarana, lan pirantosing gesang manungsa, sistem ekonomi, sistem kamasarakatan, basa lan kesenian.

Sejatosipun wujud kabudayan punika mijil saking tigang unsur budaya, inggih menika: gagasan kang wujudipun abstrak, tumindak ingkang dados padinaning masarakat, kasiling budaya awujud fisik ingkang nyata. Budaya ingkang utama punika kabudayan Jawa ingkang sampun cemepak rikala semanten, mliginipun budaya Jawi animism dinamisme miwiti, ananing budaya Jawi hindu budha. Budaya Jawi wiwit mula sarta gampil

nampi lumebeting bab-bab gagrag anyar. Budaya uga saged dipuncariyosake dening kasusastran jawa saperlu ngudarasa penggalihing pangripta, kayata nile-nile budaya pawongan ing masyarakat sageda dipun serat dening pangripta ingkang awujud tulisan cariyosing prastawa.

Kabudayan punika nuduhaken karakteristik pawongan, kadosta karakteristik basa, agama, sosial, musik utawi seni. Kabudayan minangka pola utawa tumindak sarta interaksi lan konstruksi kognitif lan prakawis ingkang kedah dipunsinaoni kangge sosialisasi. Miturut para ahli kabudayan punika sejatosipun saking ahli sosiolog, psikolog, lan antropolog. Kabudayan punika salah sawijining system idi sarta karya ingkang dipun-kasilaken dening manungsa, kabudayan minangka prakawis ingkang kedah dipun-wigatosaken dening manungsa ingkang gegayutanipun kaliyan nile, moral, tindak-tanduk, sarta adat istiadat.

Nile minangka kualitas ingkang nggadhahi aspek wonten gesanging manungsa lan andadosaken sipat ingkang umum. “Nile” saged nuwuhaken reaksi marang sinten kemawon, dudutanipun “Nile” bakal dipun-dadosaken ancasing gesang lan dipunginakaken kangge padinan. Sejatosipun nile inggih menika bab kang dipun antu – antu lan dipun-anggep wigati kangge sedayaning manungsa menawi anggota masyarakat. Sejatosipun budaya kalebet Nile – Nile ingkang tuwuh saking proses interaksi mawi individu. Nile uga dipun-lampahi kanthi turun temurun.

Nile budaya saged dipunandharaken menawi nile minangka pasarujukan dening masyarakat tartamtu lan mikul dhuwur kangge nggayuh

gesanging bebrayan. Nila budaya sejatosipun nila kang dipun atur dening manungsa. Bab menika dipun rembaka dening manungsa kersanipun nggadahi kapribaden lan tumindak budi pakarti sarta bab kang kautaman ing babagan rohani kang hakiki.

Koentjaraningrat (2009) mratelakaken bilih system nila budaya ingkang dipun-wigatosaken punika adat istiadat. Ing salebeting nila budaya wonten konsep-konsep ingkang kedah dipunlampahi dening masyarakat, konsep-konsep punika dados pedomaning masarakat ingkang mboten saged dipunilari malih.

Salah sawijining unsur kabudayan wonten Indonesia inggih punika basa (bahasa), basa dipunpirantos kangge nyekapi kawetahan sosialisasi manungsa wonten prakawis interaksi sarta gegayutanipun kaliyan karya sastra. Karya sastra ugi pirantos kangge kawetahaning manungsa mliginipun ing prakawis norma-norma kabudayan.

Karya sastra minangka bab ingkang wigati, amarga ing salebeting proses kreatifitas boten namung imaginasi, ananging maneka warna aspek pagesangan ing karya sastra, sebab wontening karya sampun mesti asalipun saking kahananing kalbu dening panganggit, lan nuwuhaken kathahing faktor, awit saking psikologis, lingkungan sosial. Karya sastra wonten ing sadhengahing masyarakat saking kasiling imajinasi dening pangripta sarta refleksi marang gejalaning sosial kang dumadi ing prastawa – prastawa ing sadengahing masyarakat.

Relevansi karya sastra kaliyan kasunyatan dateng masyarakat saperlu dipun-lampahi anggenipun naliti, amargi nile-nile dipun-kandhut wonten karya sastra sejatosipun inggih menika realitas social tumraping masyarakat. Sastra dipunkandhut nile-nile religious lan kamanungsan ingkang universal, budaya ingkang dipun-lampahi dening gesanging manungsa lan kathahing patuladhan dumateng masyarakat.

Ing panaliten punika panaliti nindakaken panaliten nile-nile budaya wonten novel basa Jawa ingkang irah-irahan *Mbah Lurah* anggitanipun Bambang Nugroho, amargi ing salebeting novel punika kathah nile-nile budaya ingkang saged dipun-oncek kangge bahan piwucalan basa Jawa wonten SMK. Bilih novel minangka salah satunggaling produk sastra ingkang gambaraning cariyos prakawis pagesanganing manungsa, ngangge paraga ingkang dipun-paraganing kanthi cara nyariyosaken prakawis jumbuh kaliyan alur ingkang representative.

Nurhayati (2012) mratelakaken bilih novel menika pandukaping fragmen pagesangan manungsa kanthi sadanguning gesang lan konflik-konflik ingkang dumadi wonten salebeting novel lan nyebabaken saking para paraganing cariyos. Novel minangka sandhiwara lan nggambaraken alur cariyos ingkang langkung rinci kanti cara universal ingkang dibuktiaken kanti cara aksi, cara wicara, lan imajinasi saking paraga marang novel kasebat, novel nggadahi tema, papan, lan wekdal kang dumadi, karakterisasi, sarta dialog. Pramila cacahing tembang marang novel langkung kathah saking karya sastra sanesipun amarga andharanipun

jangkep lan rinci. Pangripta saged medharaken nile – nile gesang awujud tulisan, novel minangka wewayangan raos kamanungsan, lan pangripta tumrap nuladha marang kasunyataning gesang.

nile–nile budaya salebeting novel ingkang irah – irahan *Mbah Lurah* anggitanipun Bambang Nugroho sagedipun analisis menawi nile budaya kasebat salah satunggaling unsur ekstrinsik, artosipun menawi anggitanipun novel mboten amung tulisan muspra nanging saged dipunpundhut saking pangalaman gesanging manungsa utawi kangge landhesaning prastawa ingkang dumadi wonten salebeting masarakat.

Piwucalan basa lan sastra ndadosaken sarana kangge nepangaken lan paring kawruh ing babagan kabudayan jawa dateng para siswa kanti sarana awujud novel, geguritan, cerkak, lan sapanunggalanipun. Kabudayan minangka identitas bangsa. Pramila kathah pangripta remen kangge nglampahi panaliten kangge sarana nepangake kabudayan jawa dateng para siswa mliginipun ing SMK lan sageda nandur nile-nile budaya kangge diginakaken wonten gesang menika kanti cara mucal babagan sastra migunakaken novel kangge bahan ajar.

Adhedhasar saking andharan menika nile-nile budaya wonten novel ingkang irah-irahan *Mbah Lurah* anggitanipun Bambang Nugroho saged dipun tepangaken dumateng para siswa ing pawiyatan saperlu saged tinuladha kagem para siswa menawi nile-nile budaya ing novel kasebat nyariyosake bilih salah satunggaling dokumentasi sejarah budaya jawa ingkang nggambaraken kawontenanipun pamrentahan punapa dene

kahanan ing masyarakat pedesaan rikala jaman semanten. Kanti sarana novel keasebut dene piwucalan menika kadhapuk nile-nile lan norma-norma saperlu saged mujudaken tumindak becik dening pamaos. Rikala para siswa dipun dhawuhi maos novel, para siswa kedah saged premati dene nile kabudayan dumateng cariyosing novel ingkang cemepak.

B. Identifikasi Prakawis

Andhedasar lelarahing prakawis menika dene dipunlajengaken saged dipunprakawisipun wonten panaliten kasebat inggih menika:

1. Nile-nile budaya wonten Novel *Mbah Lurah* anggitanipun Bambang Nugroho kangge piwucalan basa Jawi dereng kaparingaken kanthi tarwaca.
2. Karangan sastra Jawi novel punika boten sedaya ngemot nile-nile budaya pramila kedah dipunpilih pileh kersane trep.
3. Novel kasebut kapilih jalaran kathah ngemot nile-nile budi budaya jalaran dereng nate kaginakaken guru basa Jawi minangka sarana paring piwucalan.
4. Novel punika dereng nate kaginakaken minangka sarana bahan ajar piwucalan basa Jawi tataran SMK.

C. Watesaning Prakawis

Wonten panaliten menika, panaliti uga paring winates dene prakawis menika, supados gamblang larahanipun, kalis saking prakawis wonten panaliten menika. Novel kanthi irah irahan *Mbah Lurah* anggitanipun

Bambang Nugroho menika objek panaliten ingkang dipun-taliti kanti premati wonten bab nile-nile budaya. Watesing prakawis menika dipun-analisis Nile budaya inggih menika hakikating gesanging manungsa, hakikating manungsa kaliyan alam, hakikating manungsa kaliyan wekdal, hakikating manungsa kaliyan pakaryan, lan hakikating manungsa ingkang gegayutan kaliyan masyarakat sarta jumbuhipun kangge piwucalan basa Jawi wonten SMK.

D. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar winatesing prakawis menika, rumusaning prakawis wonten panaliten menika, kados ing ngandhapi punika:

1. Punapa kemawon prakawis nile – nile budaya ingkang dipunkandhut wonten Novel *Mbah Lurah* anggitanipun Bambang Nugroho?
2. Kados pundi jumbuhipun nile – nile budaya novel *Mbah Lurah* anggitanipun Bambang Nugroho saged dipunginakaken kangge bahan piwucalan pasinaon basa Jawi tumrap siswa SMK?

E. Ancasing Tujuwan Panaliten

Kersanipun menawi panaliten menika sekeca lan boten ewah saking surasaning prakawis, pramila saged dipunrumusaken ancasing saking panaliten menika, inggih menika:

1. Medharaken prakawis Nile – Nile budaya ingkang ngemot wonten Novel *Mbah Lurah* anggitanipun Bambang Nugroho.

2. Medharaken jumbuhipun nile – nile budaya novel *Mbah Lurah* anggitanipun Bambang Nugroho saged dipunginakaken kangge bahan piwucalan pasinaon basa Jawi tumrap siswa SMK.

F. Mumpangating Panaliten

Pangajabing paniti anggenipun panaliten menika saged pinaringan mupangat kangge sedaya mawon inggih menika :

1. Mumpangat Teoritis

Mumpangat teoritis dipun-ajab saged ngrembaka teorinipun ing babagan sastra mliginipun novel *Mbah Lurah* anggitanipun Bambang Nugroho ing babagan nile-nile budaya saged kawucalaken ing piwucalan sastra dateng SMK lan saged dipun cepakaken dening paniti ingkang naliti ing babagan nile budaya tumrap piwucalan kangge SMK.

2. Mumpangat Praktis

Mumpangat praktis saking panaliten menika, inggih menika:

- a. Kagem Dwija

Ningkataken kaprigelan dwija nalika mucalake materi sastra inggih menika novel ingkang gegayutan kaliyan nile-nile budaya tumrap lestantuning budaya jawa menika.

- b. Kagem Siswa

Ningkataken kaprigelan para siswa anggenipun maos novel menika saged njunjung dhuwur nile-nile budaya menika. Lan saged tumindak jumbuh kaliyan nile-nile budaya ingkang becik.

- c. Kagem Panaliti

Nuwuhaken wawasan lan kaprigelan pamikir ingkang gegayutanipun kaliyan nile-nile kawruh ing novel. Menawi kasiling panaliten saged dipun dadosaken srana piwucalan sastra wonten pawiyatan.

BAB V

DUDUTAN, IMPLIKASI, PAMRAYOGA

A. Dudutan

Dudutaning rembang wonten panaliten punika Nile-nile budaya ing salebeting Novel “*Mbah Lurah*” anggitanipun Bambang Nugroho inggih punika:

1. Nile-nile budaya punika kalebu prakawis ingkang wigatos, amargi gegayutanipun kaliyan norma, keyakinan, adat, praktik-praktik lan simbol-simbol. Nile-nile budaya saged dipun-warisaken dumateng generasi anom, saged kanthi cara ing salebeting pendidikan organisasi sarta kaluwarga. Mliginipun pendidikan wonten pawiyatan punika papan ingkang becik kangge nepangaken nile-nile (values) dumateng para siswa kanthi cara praktis. Pawiyatan punika papan ingkang trep kangge ngguluwentah generasi salajengipun tanggap lan saged tumindak ingkang becik jumbuh kaliyan nile-nile budaya.

2. Relevansi nile-nile budaya ing salebeting Novel “*Mbah Lurah*” anggitanipun Bambang Nugroho punika saged dipun-dadosaken ing pawiyatan SMK, dipun-jumbuhake kaliyan Kompetensi Dasar ing salebeting pawijayatan SMK punika papan kangge diskusi sarta patuladhan nile-nile budaya wonten piwucalan basa Jawi. Guru basa Jawi minangka fasilitator piwucalan basa ingkang ngutamakaken Kompetensi antarbudaya siswa utawa intercultural competence. Piwucalan tumrap budaya basa nemtokaken komunikasi dening piwucalan basa asing utawa basa maneka warna budaya.

B. Implikasi

Adhedhasar dudutan wonten nginggil saged dipunimplikasikaken inggih punika:

1. Novel *Mbah Lurah* anggitanipun Bambang Nugroho ngandut nile-nile budaya ingkang saged dipunwulangaken kangge bahan ajar basa Jawi.
2. Nile-nile budaya wonten gangsal anggenipun dipunpatrapaken kangge piwucalan.
3. Asiling panaliten ngandharaken bilih Novel *Mbah Lurah* anggitanipun Bambang Nugroho saged diginakaken minangka bahan ajar piwucalan basa Jawi ing tataran SMK jumbuh kaliyan Kompetensi Dasar.
4. Kangge para dwija anggenipun mucal materi Novel Prayoginipun ngangge metode piwucalan pendekatan saintifik model inquiry Learning, lan metode ceramah diskusi lan inkuiri

C. Pamrayoga

Nile budaya minangka tradisi ingkang dipun-gadhahi dening bangsa Indonesia ingkang kedah dipun-lestantunaken. Prakawis punika dipun-buktekaken awujud situs tilaran saking leluhur mliginipun karya lan kadigdayan para sastrawan sastrawan, budayawan budayawan, para ahli ingkang sampun paring apresiasi.

Sageda ngusadani tepang kaliyan nile-nile luhur bangsa Indonesia sarta gumathok marang ilmu leluhur kangge tumindak kanthi cara nglampah transformasi ilmu kangge nerapaken kasiling karya bangsa piyambak.

Pramila piwucalan karya sastra sageda dipuneksplorasi nile-nile ingkang ngandhut prakawis ilmu leluhur minangka kangge pathokan gesang bilih nile-nile luhur bangsa Indonesia dipun-warisaken kanthi arupi karya sastra.

KAPUSTAKAN

- Abdul Latih, D. H. (2007). *Pendidikan Berbasis Nila Kemasyarakatan*. Bandung : PT.Refika Aditama.
- Abdussamad Zuhcri. (2021). *Metode Penelitian Kualitatif*. CV. Syakir Media Press.
- Ayuningtyas, D. (2016). *Nila budaya Pada Novel Gugur Bunga Kedaton Karya Wahyu HR: Kajian Antropologi Sastra dan Implementasinya dalam Pembelajaran Sastra di SMA* (Doctoral dissertation, Universitas Muhammadiyah Surakarta).
- Berg, B. (2009). *Qualitative Research Method*. For She Social Science, 7thed. Pearson.
- Bogdan, R. and Biklen, S. K. (2007). *Qualitative Research For Education : An Introduction to Theory and Methods*. Boston : Allyn & Bacon
- Bungin, M. Burhan, (2008). *Penelitian Kualitatif: Komunikasi, Ekonomi, Kebijakan Publik, Dan Ilmu Sosial Lainnya*. Jakarta: Kencana.
- Burhan Nurgiyantoro. (2015). *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Burhan Nurgiyantoro. (2005). *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Creswell, J.W. (2009). *Research Desaigns: Qualitative, Quantitative, and Mixed Methods Approaches*. California: Sage.
- Daeng. J. H. (2005). *Manusia Kebudayaan Dan Lingkungan*. Jakarta: Pustaka Pelajar.
- Djamaris, Edward,dkk. (1993). *Nila budaya Dalam Beberapa Karya Sastra Nusantara: Sastra Daerah Di Sumatra*.Jakarta: Departemen Pendidikan Dan Kebudayaan.
- Endraswara, Suwardi. (2008). *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- Hafidhah, N. (2017). *Analisis Nila budaya dalam Novel Lampuki Karya Arafat Nur*. JIM Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia, 2(4), 393-399
- Herman. Selfiana. (2020). *Nila Moral Dalam Novel Selembar Itu Karya Suryaman Amipriono*. Skripsi. Universitas Muhammadiyah Makassar.

- Indriani, A.A., & Effendy, C. (2013). Nila-nya budaya dalam Novel *Kubah Karya Ahmad Tohari*. *Jurnal Pendidikan dan Pembelajaran Khatulistiwa*, 2(4).
- Ismawati, K. (2010). *Penerapan Model Pembelajaran Kooperatif Tipe Team Assisted Individualization Dalam Meningkatkan Prestasi Belajar Fisika Siswa Kelas VII Tata Niaga 1 SMPN 5 Mataran Tahun Pelajaran 2009/2010* (Doctoral Dissertastion, Universitas Mataram).
- Jabrohim. (2003). *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta. Hanindita Graha Widya.
- Karmadi, A. D. (2007). *Budaya lokal sebagai warisan budaya dan upaya pelestariannya*.
- Kartikasari dan Suprpto. (2018). *Kajian Kasusastran (Sebuah Pengantar)*. Magetan: Media Grafika.
- Kasumastuti Adhi, Khoirum M.A. (2019). *Metode Panaliten Kualitatif*. (Karanggawang Barat: Lembaga Pendidikan Sukarno Pressindo).
- Kurniawan, A. Y. (2019, November). Nila budaya Jawa Dalam Novel *Wigati Karya Khilma Anis*. Inprosidng Seminar Nasional Bahasa dan Sastra Indonesia (Senasbasa) (Vol.3, No.2)
- Koentjaraningrat. (2009). *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Lexy J. Moeleong (2005). *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung : Pustaka Pelajar
- Marzali, Amri. (2005). *Antropologi dan Pembangunan Indonesia*. Jakarta: Kencana.
- Miles, M. B., Huberman, A. M., & Saklana, J. (2014). *Qualitative Data Analysis: A methods sourcebook*. 3rd. Thousand Oaks, CA: Sage.
- Nahak, H.M. (2019). *Upaya Melestarikan Budaya Indonesia di Era Globalisasi*. *Jurnal Sosiologi Nusantara*, 5(1), 65-76.
- Nurhayati. (2012). *Pengantar Ringkas Teori Sastra*. Yogyakarta: Media Perkasa.
- Ramadinah, D., Setiawan, F., Ramadanti, S., & Sulistyowati, H. (2022). Nila-nya budaya dan Upaya Pembinaan Aktivitas Keagamaan di MTs N 1 Bantul. *Pandawa*, 4(1), 84-95.
- Rosidi, A. (2013). *Mengenal Kasusasteraan Sunda*. Pustaka Jaya.
- Saldana, & Huberman. M. (2014). *Qualitative Data Analysis*. America: Sage Pablications.
- Saputro, E.P., & Arikunto, S. (2018). *Keefektifan Manajemen Program Pembelajaran BIPA (Bahasa Indonesia bagi Penutur Asing) di Kota Yogyakarta*. *Jurnal Akuntabilitas Manajemen Pendidikan*, 6(1), 122-138.

- Sutaba, I.M. (2019). *Perawatan warisan budaya: membangun masa depan bangsa sebuah penelitian pendahuluan* (Presevation of Crultural Heritage: Building The Future of The Nation a Preliminary Study). *Jurnal Penelitian Arkeologi Papua dan Papua Barat*, 11(2), 111-130.
- Sutopo, H.B. (2002). *Metodologi Penelitian Kualitatif*.
- Setiadi, M. Elly. Dkk. (2006). *Ilmu Sosial dan Budaya Dasar*. Jakarta. PT. Fajar Interpratama Mandiri.
- Shaleh, T. W. (2022). Nile-nile budaya *Dalam Pendidikan di Indonesia*
- Sidiq. U., Choiri M.M. (2019). *Metode Penelitian Kualitatif di Bidang Pendidikan*. Ponorogo. CV.Nata Karya.
- Suharti,S. (2021). Nile-nile budaya *Jawa Dalam Ungkapan Jawa yang Berlatar Rumah Tangga Pada Novel Canting Karya Fissilmi Hamida*. *Kredo: Jurnal Ilmiah Bahasa dan Sastra*, 4(2), 553-578.
- Sulistyawati, R., & Lestari, A.(2019). *Relevansi Nile budaya Jawa Novel Kartini Karya Abidah El Khalieqy Dan Implikasinya Dengan Pembelajaran Sastra*. *Jurnal Akrab Juara*, 4(2), 116-131.
- Sunarti, S. (2008). Nile-nile budaya *Dalam Novel Tiba-Tiba Malam Karya Putu Wijaya: Tinjauan Semiotik* (Doctoral dissertation, Universitas Muhammadiyah Surakarta).
- Sholechaini,A. C. (2014). Nile-nile budaya *dalam Cerita Rakyat Kebokicak Karang Kejambon di Kabupaten Jombang*.
- Tarigan, H. G. (1991). *Prinsip-Prinsip Dasar Sastra*. Bandung: Angkasa Bandung.
- Tanu, I.K. (2016). *Pembelajaran berbasis budaya dalam meningkatkan mutu pendidikan di sekolah*. *Jurnal Penjaminan Mutu*, 2(01),34-43.
- Prastawo, Andi. (2012). *Panduan Kreatif Membuat Bahan Ajar Inovatif*. Jogjakarta: Diva Press
- Verulitasari, E., & Cahyono, A. (2016). Nile budaya *Dalam Pertunjukan Rapai Geleng Mencerminkan Identitas Budaya Aceh*. *Catharsis*, 5(1), 41-47.
- Wardani, N. S. (2015). Pengembangan Nile-nile budaya Sekolah Berkarakter. *Scholaria: Jurnal Pendidikan dan Kebudayaan*, 5(3), 12-22.
- Wicaksono, Andri. (2014). *Pengkajian Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Garuda Wacana.
- Widyosiswoyo, Supartono. (2009). *Ilmu Budaya Dasar*. Bogor: Galiya Indonesia.